



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMANN POU PWOPozyon pou ANSYEN  
ETABLISMAN KOREKSYONÈL LINCOLN NAN HARLEM**

***Demann pou pwopozisyon yo priyore lojman abòdab ak antrepriz devlopman  
minorite ak fanm posede yo***

***Gade demann pou pwopozisyon yo ki dwe soumèt 23 me yo [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou reyamenajman ansyen Etablisman Koreksyonèl Lincoln nan ki sitiye nan 31 - 33 West 110th Street nan Harlem. Sit ki pa itilize a, ki gen 10,000 pye kare ki anfas Central Park la, prezante yon opòtinite pou kreye yon devlopman ki dinamik ak dirab ki maksimize potansyèl ekonomik, sipòte kreyasyon travay ak satisfè demann k ap ogmante pou lojman abòdab nan Vil New York. Moun k ap aplike yo ka gade dokiman Demann pou Pwopozisyon yo [isit la](#) epi soumèt yon pwopozisyon bay Empire State Development jiska 23 me 2023 nan 2:00pm ET.

"Ansyen Etablisman Koreksyonèl Lincoln nan prezante yon opòtinite ekselan pou transfòme yon etablisman masif ak abandone pou tounen yon ankraj kominotè ak reponn a bezwen esansyèl tankou lojman abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral kontinye panse yon fason kreyatif ak estratejik sou prizon ki vid ak pa itilize yo - sa gen ladan revizyon nou pou rekòmandasyon Komisyon Reyamenajman Prizon an - pou debloke potansyèl lojman nou, devlope opòtinite ekonomik ak fè New York avanse".

Anvan sa, Gouvènè Hochul te anonse [Kontra Lojman New York](#) la, yon estrateji nan tout eta a pou fè fas a kriz lojman New York la nan konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni an pou satisfè demann k ap ogmante a. Nan yon efò pou bati sou vizyon Gouvènè a pou fè New York vin pi abòdab, RFP ankouraje pwopozisyon yo pou maksimize kantite inite abòdab ki kreye yo nan kad Reyamenajman Lincoln nan. Pwojè a pral priyore tou travay avèk antrepriz devlopman minorite ak fanm posede (minority and women-owned business enterprise, MWBE) epi ap bay jiska 20% pwen disponib pou pwopozisyon MWBE dirije yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Reyamenajman Sant Koreksyonèl Lincoln nan prezante yon

opòtinite pou sit la pou reyimajine l kòm yon devlopman entelijan ak dirab ki ap reponn a bezwen ekonomik ak lojman kominote Harlem nan. Baze sou angajman Gouvènè a pou fè New York vin pi abòdab, RFP sa a ankouraje pwopozisyon yo pou maksimize kantite inite abòdab ki kreye. Nan priyorize lojman abòdab ansanm ak bon patisipasyon MWBE yo, nou ka asire ke devlopman sa a pral enklizif, ekita ak satisfè demann pou lojman k ap ogmante yo. Nou rekòmande pati yo pou yo soumèt pwopozisyon inovatè ki byen eksplwate potansyèl sit la pou pote lojman abòdab ak kreye yon sant opòtinite pwospè ki pral benefisye kominote ozalantou a".

Anvan ouvèti l kòm yon etablisman koreksyonèl an 1976, bilding lan te sèvi plizyè itilizasyon sivik ak kominotè. Konstwi an 1914, Asosyasyon Ebrayik Jèn Fanm yo te itilize li odepa pou sèvi imigran ki fèk rive yo. Pandan dezyèm gè mondyal la, bilding lan te founi yon lokal repo pou lame ameriken an. Nan fen 1940 yo ak kòmansman 1950 yo, sistèm Lekòl Vil New York la te lwe bilding lan epi te itilize li kòm "New Lincoln School". An 1951, Vil New York te achte bilding lan pou l te ka kontinye itilize tankou lekòl. Depi 1976 rive septanm 2019, bilding lan te fonksyone kòm yon etablisman koreksyonèl ki gen sekirite minimòm.

Etablisman Koreksyonèl Lincoln nan te fèmen an 2019 nan kad inisyativ aktyèl Eta a pou demantle plizyè etablisman koreksyonèl ki pa ase itilize nan Eta New York. Lokal sit la sitiye dirèkteman anfas Central Park la epi toupre transpò piblik, komès an detay, lekòl ak enstitisyon kiltirèl prensipal yo. Sa prezante yon opòtinite inik ak eksitan pou reyamenajman pou rezon yo ki mansyone nan RFP a, ki gen ladan kreyasyon lojman abòdab ansanm ak nouvo espas kiltirèl ak edikatif pou kominote Harlem.

Objektif reyamenajman prensipal pou RFP sa a se pou maksimize avantaj ekonomik pou Vil New York ak Eta a atravè reyamenajman sit la nan fason ki fè avanse kreyasyon lojman abòdab, nouvo travay, bay opòtinite fòmasyon pou travay, estimile ekonomi a ak entegre sit la nan kominote lokal la. Nan priyorize objektif sa yo, sit la ka sèvi kòm yon katalizè pou devlopman iben enklizif ak dirab, k ap afekte pozitivman lavi rezidan yo epi kontribiye nan kwasans alontèm ak pwosperite rejyon an.

Pou resevwa yon pi gwo nòt nan evalyasyon RFP a, pwopozisyon yo dwe adrese objektif reyamenajman sa yo:

- Maksimize kantite inite lojman abòdab yo
- Bay nouvo opòtinite pou travay pou rezidan lokal yo
- Afiche prensip planifikasyon ak konsepsyon ki byen panse yo
- Enkòpore pratik konstriksyon dirab ak vèt
- Asire bon patisipasyon Antrepriz Minorite yo Posede (Minority Owned Business Enterprises, MBE), Antrepriz Fanm yo Posede (Women Owned Business Enterprises, WBE) ak Antrepriz Veteran ki Andikape nan kad Sèvis yo Posede (Service-Disabled Veteran-Owned-Businesses, SDVOB)

Reyamenajman Etablisman Koreksyonèl Lincoln nan konplete efò Gouvènè Hochul yo pou reyimajine prizon yo ki fèmen nan nò Eta a pou opòtinite reyamenajman inovatè yo

atravè Eta New York. An desanm 2022, Gouvènè Hochul te pibliye [Rekòmandasyon Komisyon Reyamenajman Prizon New York](#) yo ki detaye analiz sou sit 12 prizon fèmen epi konsidere opòtinite reyamenajman yo pou chak sit pou ede yo pi byen sèvi bezwen ekonomik Eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)